



*Piblikasyon sa a gen enfòmasyon ki rive jiska 14 me ladan.
Tanpri al gade nan nyc.gov/dcwp tou.*

Enfòmasyon Enpòtan pou moun New York Ki Pèdi Moun Pwòch Yo

Planifikasyon Fineray Pandan COVID-19 la

COVID-19 la chanje fondamantalman fason nou fè dèy moun ki pwòch nou, sa gen ladan aranjman pou fineray tou.

Pòtay Enfòmasyon pou COVID-19 pou tout Vil la ofri [Enstriksyon pou Fineray ak Antèman](#). Piblikasyon espesyal sa a gen enfòmasyon siplemantè enpòtan.

Pou Jwenn Yon Ponp Finèb nan Vil New York

Pou jwenn yon ponp finèb, ale sou sit

- Asosyasyon Direktè Ponp Finèb Eta New York la (New York State Funeral Directors Association) nan nysfda.org
- Depatman Sante Eta New York la nan health.ny.gov

Enpòtan:

- Se direktè ponp finèb ki gen lisans yo sèlman ki ka fè aranjman pou swen, preparasyon pou deplasman, ak antèman oswa ensinerasyon yon moun ki mouri. Sa gen ladan I sètifikasi desè, transfè kò a, kowòdone ak simityè a oswa krematoryòm nan, ak deplase kò a pou al nan simityè oswa nan krematoryòm.
- Direktè Ponp Fineb yo dwe suiv enstriksyon yo pou kenbe tout moun—manm pèsònèl la, fanmi ak zanmi mò a—an sekirite tank sa posib. Tankou fè yon sèl finiray alafwa epi limite kantite moun k ap asiste finiray la. (Anpil ponp finèb ofri opsyon a distans pou moun ki pa ka preznan an pèsòn.) Epitou, anpil ponp finèb ap fè fas ak demand yo pa t janm genyen avan, sa ki ka bay reta. Asire w ou mande direktè ponp finèb ou a sa pou ou espere. Vil la ankouraje w pratike distans sosyal la epi pou w pa rasanble an gwo gwoup.

Ajou:

- | | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none">Si defen w lan sou responsabilite Biwo Medsen Lejis an Chèf NYC a (Office of Chief Medical Examiner, OCME), OCME a ap konsève l tanporèman jiskaske ou kapab fè aranjman pou finiray la. | <ul style="list-style-type: none">Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen yon Arete ki pèmèt direktè ponp finèb ki gen lisans nan nenpòt Eta pou yo travay New York pou ede nan nivo demand sèvis ki potko janm genyen sa a. |
|---|--|

Si ou vle se Vil la ki fè antèman an, OCME a ka ede ou ak pwosesis la.

OCME a ap kowòdone antèman pou kadav viktim COVID-19 yo pa idantifye epi/oswa yo pa reklame.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade sou nyc.gov/ocme.

Pou Travay ak yon Pon Finèb

Ou gen dwa pou ou:

- **Yon lis pri jeneral lè w ap fè aranjman swa nan telefòn swa fas-a-fas.** Lis la dwe gen ladan I pri tout machandiz ak sèvis. Anpil ponp finèb ofri "pakè" (plizyè of sèvis ki lye youn ak lòt), men ou gen dwa pou ou achte bagay yo separeman.
- **Chanje ponp finèb nenpòt lè.** Ou dwe peye pou tout sèvis finèb la te gen tan bay ou te bay apwobasyon w pou yo. Ponp finèb la dwe pèmèt ou transfere kò a nan yon lòt ponp finèb, menm si ou pokò peye.

Li ilegal pou ponp finèb la:

- Fòse ou chwazi sèten machandiz oswa sèvis
- Fè yon moun ki pa yon direktè finèb lisansye fè aranjman finiray, prepare kò a, oswa sipèvize antèman an
- Deklare oswa lese kwè kèlkeswa machandiz li ofri pa satisfezan nan okenn fason
- Fè okenn deklarasyon ki fo, pou twonpe moun, oswa ki pa pwouve konsènan kèlkeswa machandiz oswa sèvis la

Plent

Pou plent konsèn pri ponp finèb:

- Depoze yon plent nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè NYC a nan nyc.gov/dcwp oswa kontakte 311 pou fè sa.

Pou plent konsènan ponp finèb oswa direktè ponp finèb:

- Depoze yon plent nan Biwo Reyafektasyon Finiray Depatman Sante Eta New York la nan health.ny.gov

Pou peye pou yon Fineray

• Aplikab pou Asistans pou Fineray, si sa posib.

Rezidan Vil New York ki gen revni fèb kapab elijib pou jiska \$1,700 kòm èd lajan pou fè fas ak depans fineray manm yon fanmi oswa yon zanmi ki se rezidan Vil New York ki gen revni fèb. Depans ki elijib yo pa ka depase \$3,400. Ou dwe aplike nan yon delè 120 jou apati dat moun nan fin mouri a. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon:

- Ai gade nan sitwèb Administrasyon Resous Imèn NYC (NYC Human Resources Administration, HRA) a nan nyc.gov/hra
- Rele nan 1-929-252-7731

- **Jwenn yon relve Sèvis ak Machandiz detaye** (resi) ki bay lis machandiz yo ak sèvis yo (ni bagay ou bay avans sou yo), pri chak bagay, ak pri total la.

• Mande w peye frè pou:

- ekri sètifikasi desè a oswa pou fè yo sètifye l medikalman
- peye lòt pati pou ou ("frè dosye")
- manye yon sèkèy ou bay
- okenn sèvis oswa machandiz ou pa t chwazi
- enterè sou yon balans ou dwe (sof si li te deklare frè sa a lè ou t ap deside aranjman yo epi li nan relve detaye a)

Pou plent konsènan simityè oswa krematoryòm:

- Depoze yon plent nan Depatman Divizyon Simityè Eta New York la nan dos.ny.gov

- **Aplikab pou Avantaj Antèman Konbatan, si sa posib.**

Konbatan, militè, mari/madanm, ak moun ki sou responsabilite konbatan yo kapab kalifye pou antèman nan yon Simityè Nasional Afè Konbatan (Veterans Affairs, VA), ak lòt avantaj. Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Al gade nan va.gov/burials-memorials
- Rele nan 1-800-827-1000

- **Jwenn konsèy finansye GRATIS nan telefòn.**

Al gade nan nyc.gov/TalkMoney pou fè yon randevou.

- **Jwenn èd jiridik gratis konsènan testaman ak eritaj.**

- Rele Liy Dirèk Resous Jiridik Gwoup Èd Jiridik New York (New York Legal Assistance Group, NYLAG) pou COVID-19 la nan 1-929-356-9582 (Lendi pou vandredi, 10:00 a.m. rive 1:00 p.m.)
- Al gade nan LawHelpNY.org

- **Konsève tras tout kòb ou depanse.**

W ap bezwen enfòmasyon sa yo pou pwochen deklarasyon revni w lan.

Dokiman Enpòtan ak Notifikasyon

Jwenn:

- Papye enpòtan yo ansanm**, tankou testaman, politik asirans vi, ak sètifikasi aksyon.
- Sètifikasi desè**. Direktè finèb ou a kapab fè demand sètifikasi desè pou ou, oswa ou ka kontakte Depatman Sante NYC a:
 - Sou entènèt nan nyc.gov/health
 - Imèl nycdohvr@health.nyc.gov
 - Rele nan 1-347-396-7962
 - Tchat an Dirèk sou dohchat.dirad.com/chat (Lendi pou vandredi, 9:00 a.m. rive 5:00 p.m.)

Enfòme:

- Patwon defen w lan** (*si sa nesesè*).
Bay non moun ki mouri a, nimewo Sekirite Sosyal li, dat li te fèt; si se nan aksidan li mouri oswa maladi; non pa ou ak adrès ou. Konpayi a kapab kòmanse fè peyman nenpòt avantaj yo ka peye imedyatman.
- Medicare** si defen w lan te gen pwoteksyon Medicare:
 - Sou entènèt nan medicare.gov
 - Rele nan 1-800-633-4227Bay non moun ki mouri a, nimewo Sekirite Sosyal li, dat li te fèt; si se nan aksidan li mouri oswa maladi; non pa ou ak adrès ou.
- Sekirite Sosyal**:
 - Rele nan 1-800-772-1213
(TTY 1-800-325-0778)Ou pa kapab rapòte yon desè oswa aplike pou avantaj eritye sou entènèt.
Ou dwe retounen tout avantaj ou resevwa pou mwa lanmò a oswa aprè bay Sekirite Sosyal.

Lòt Resous

Komisyon Federal Komès (Federal Trade Commission, FTC) (*reglemante ponp finèb yo tou*):

- Al gade nan consumer.ftc.gov pou [resources](#), tankou yon [lis pri pou fineray](#) ak [glosè](#) tèm ki konsène fineray.
- FTC a resevwa plent konsènan vyolasyon [Lwa sou Fineray](#) FTC a tou. FTC a pa abitre plent moun pote men li kapab aji kont yon konpayi si li wè yon tandans pou fè vyolasyon. Al gade nan consumer.ftc.gov oswa rele nan 1-877-FTC-HELP (382-4357) (TDD: 1-866-653-4261).

NYC Well (*liy èd 24 sou 24, 7 jou sou 7 si ou bezwen pale ak yon moun*):

- Rele nan 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)
- Teskte "WELL" epi voye I nan 65173
- Tchat sou entènèt nan [NYC.gov/nycwell](#)

Liy Dirèk COVID-19 pou Bèt Kay (si defen w lan te gen yon bêt epi ou bezwen èd):

- 1-877-204-8821 (Lendi pou vandredi, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.)